# «Мийрас» фольклор этнографиялық халық ансабли жәмәәти «Нурли наволар» халықаралық фольклор фестивалында қатнаспақта.

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (52 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (52 KB)



Алдын хабар етилгениндей, Тахтакөпир районы мәдениият бөлимине қараслы «Мийрас фольклор» этнографиялық халық ансабли жәмәәти өзиниң «Жаслар сейили» композициясы менен Наўайы ўәлаятының Нурата районында өткерилип атырған «Нурли наволар» халықаралық фольклор фестивалында қатнаспақта. Бул туўралы мәдениият бөлиминиң баслығы Серикбай Пиржанов Наўайы ўәлаяты Нурата районынан хабар бермекте.



Қарақалпақстан Республикасы ҳәм барлық ўәлаятлар жәмәәтлери қатнасып атырған усы фестивалда Аўғанстан, Тәжикстан, Қазақстан сыяқлы республикалардан да фольклор жәмәәтлери қатнаспақта.




Қатнасыўшылар 30-май күни фестивал шеңберинде Әлишер Наўайы естелигине гүл қойып, Нурата районындағы «Чашма» комплексин зыярат етти ҳәм китапқумарлық илажларында қатнасты.



Нурата қаласындағы «Нурата» мийманханасы ҳәм «Миллий бағ» қыябанында «Нурли наволар» халықаралық фольклор фестивалының ашылыў мәресими болып өтти.

Илажда Наўайы ўәлаятының ҳәкими Қ.Турсунов ҳәм Өзбекстан Республикасы Мәдeният министриниң орынбасары А.Назарбеков шығып сөйледи. Олар өз сөзинде қатансыўшыларға әўмет тиледи.



Фестиваль жеңимпазлары менен сыйлы орын ийелери болса, бүгин анықланады. Бул туўралы күн даўамында мәлимлеме берип барамыз.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

Sa'ne: 31.05.2018 09:31, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'